



## **PWOSÈ VÈBAL OFISYÈL ADISTANS LAN RETRÈT PLANIFIKASYON KOMITE LEKÒL BOSTON**

**12 Oktòb 2021**

Komite Lekòl Boston te fè yon retrèt planifikasyon adistans nan dat 12 Oktòb 2021 a 6 p.m. sou Zoom. Pou plis enfòmasyon sou sa ki ekri anba yo, vizite [www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee](http://www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee), imèl [feedback@bostonpublicschools.org](mailto:feedback@bostonpublicschools.org) oswa rele Biwo komite lekòl Boston nan (617) 635-9014.

### **PREZANS**

Manb Komite a ki te prezan: Prezidan Jeri Robinson; Vis Prezidan Michael O'Neill; Doktè Hardin Coleman; Ernani DeAraujo; Lorena Lopera; Rafaela Polanco Garcia; Quoc Tran; ak Reprezantan Elèv yo Xyra Mercer.

Manb Komite a ki te absan: Pa t genyen.

Pèsonèl Lekòl Piblik Boston yo (Boston Public Schools, BPS) Prezan: Sirentandan Brenda Cassellius; ak Konseye Prensipal Megan Costello.

### **DOKIMAN YO TE PREZANTE**

#### Ajanda

PowerPoint: Retrèt Planifikasyon Komite Lekòl la, 12 Oktòb 2021

### **RAPLE A LÒD**

Prezidan Jeri Robinson te kòmanse reyinyon an e te fè moun yo fè sèman angajman. Madam Sullivan te fè apèl. Madam Lopera, Madam Polanco Garcia, Mesye Tran ak Madam Mercer te prezan. Mesye O'Neill, Doktè Coleman, ak Mesye DeAraujo te entegre reyinyon yon ti tan aprè apèl nominal la.

**Retrèt Planifikasyon Adistans Komite Lekòl Boston nan  
Zoom  
12 Oktòb 2021**

Madam Robinson te di ke seyans aswè a ap difize andirèk sou Zoom. Epi li pral redifize sou televizyon Boston City TV. Nou pral poste sou [bostonpublicschools.org/schoolcommittee](http://bostonpublicschools.org/schoolcommittee) ak sou Youtube. Li te anonse ke genyen sèvis entèpretasyon ki disponib pandan reyinyon an nan lang espanyòl, Kreyòl Ayisyen, Kap vèdeyen, Vyètnamyen, Kantonè ak Mandaren. Entèprèt yo te prezante yo epi yo te bay enstriksyon nan lang matènèl yo sou kijan pou yon moun jwenn entèpretasyon pandan reyinyon an ap fèt la nan chanje chanèl zoom lan. Dokiman reyinyon yo ak tradiksyon yo te pibliye nan [www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee](http://www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee). Madam Robinson te bay eskiz pou Komite a ki pa t kapab asire entèpretasyon Langaj Dè Siy Ameriken (American Sign Language, ASL) pou seyans lan epi te anonse ke fonksyon sou-titraj la te rive aktive.

Madam Robinson te egzaminen ajenda a. Sirentandan te fè divès remak de byenvini brèf sou valè pou te fè retrèt peryodik yo.

## **WOL AK RESPONSABILITE**

Madam Robinson te revize kat responsabilite majè Komite Lekòl Boston la:

- Defini vizyon, misyon, ak objektif Lekòl Piblik Boston yo
- Etablisman ak siveyans bidjè anyèl fonksyonman
- Rekritman, jesyon ak evalyasyon anyèl sirentandan
- Etabli ak revize politik ak pratik distri yo pou soutni reyisit elèv yo.

Li te envite manm yo ofri divès refleksyon sou fòmasyon devlopman pwofesyonèl dispanse pa Asosyasyon Komite Lekòl Massachusetts (MASC) nan dat 25 Septanm 2021. Mesye DeAraujo te pale pozitivman sou fòmasyon ak enpòtans pou konprann wol ak responsabilite e separasyon pouvwa yo ant Komite a ak Sirentandan an. Mesye O'Neill te remèsye Direktè Egzekitif MASC la Glenn Koocher poutèt li te dirije fòmasyon li te kalifye kòm presye. Li te note ke li enpòtan pou konprann kòman Boston diferan apati de lòt distri lekòl yo.

## **SIJÈ PRIYORITÈ AK FIKSASYON LÒD JOUNEN**

Konseye Prensipal Megan Costello te egzamine lis la swivan de pwen rekiran nan ajanda:

- Mizajou Bidjè Kapital la (tantativ - 16 Mas 2022)
- Mizajou Finansyè (tantativ - 14 Desanm 2022)
- Deklarasyon Enterè Massachusetts School Building Authority
- Rapò Anyèl SpedPac
- Mizajou Gwoup Entèvansyon sou Eka Opòtinite & Reyisit (Opportunity & Achievement Gaps, OAG)
- Mizajou Gwoup Travay sou Kalite Lekòl (School Quality Working Group, SQWG)
- Mizajou Gwoup Entèvansyon sou Aprenan Lang Anglè yo (English Language Learners, ELL)

**Retrèt Planifikasyon Adistans Komite Lekòl Boston nan  
Zoom  
12 Oktòb 2021**

- Mizajou Anyèl Konsèy Konsiltatif Pou Elèv Boston yo (Boston Student Advisory Council, BSAC)
- Mizajou Politik Admisyon Lekòl Egzamen yo (Jen 2022)
- Byennèt
- Evalyasyon Sirentandan
- Odisyon ak Vòt Pwogram Chwa Lekòl MA (Me 2022)
- MassCore (Chak Trimès)
- Rekòmandasyon Bidjè Preliminè (2 Fevriye 2022)
- Vòt pou Bidjè Final la (23 Mas 2022)
- Mizajou ESSER
- Mizajou sou Pataj Enfòmasyon sou Elèv yo

Manm yo ak Sirentandan te egzamine lis la epi te sigjere pou ajoute eleman swivan yo:

- Mizajou sou Odit Entèn
- Mizajou sou Rekritman, ki ta dwe enkli divèsite epi pwoteje kategori yo
- Rezilta MCAS yo
- Responsabilite Eta
- Antre Lekòl la
- Aprantisaj Lete
- Mizajou sou Enskripsyon yo
- Relasyon Travay/Negosyasyon Kolektiv/Kesyon Jiridik
- Evalyasyon Pèfòmans Anplwaye yo
- Mizajou sou bidjè mansyèl yo
- Sitasyon (egz., Pwofesè Sètifye Pa Konsèy Nasyonal yo, Edikatè yo pou Ane a, ets.)
- Enstalyon yo (bezwen imedyà ak alontèm)
- Mizajou Plan Estratejik
- Mizajou chak mwa pa reprezantan elèv la konsènan Konsèy Konsiltatif Elèv Boston yo (Boston Student Advisory Council, BSAC)

Madam Robinson te revize brèvman sijè priyorite swivan manm yo te sigjere:

- Kominikasyon (pami distri a, Komite a, paran ak kominote a)
- Tranzisyon yo ak Konfigirasyon Klas yo
- Lekòl Transfòmasyon
- Estrateji Edikasyon Syantifik/Teknolojik/Vokal
- Fòmasyon Pwofesè yo
- Enstalasyon
- Lekòl Segondè yo
- Aprenan Lang Anglè yo, ansèyman lang matènèl
- Tan deyò Lekòl la
- Literasi:
- Divèsite Edikatè
- Edikasyon Espesyal
- Evalyasyon Pèfòmans Sirentandan (prentan)

**Retrèt Planifikasyon Adistans Komite Lekòl Boston nan Zoom  
12 Oktòb 2021**

- Mizajou Gwoup Entèkansyon an (prentan)

Doktè Coleman te remake ke anpil nan sijè yo operasyonèl epi te avèti Komite a pou yo entansyonèl nan òganizasyon lis long sijè yo yon jan koyeran. Madam Robinson te dakò. Madam Mercer te pale sou enpòtans pou entegre vwa elèv yo epi garanti dwa vòt pou reprezantan elèv yo. Sirentandan te klarifye ke mizajou BuildBPS ki te pwograme pou 27 Oktòb pral enkli yon rekòmandasyon fòmèl pou fèmèn Irving and Timilty Middle Schools ak Jackson-Mann K-8 School, jan li prezante ak Komite a dènye prentan. Chèf Finans lan Nate Kuder planifye pou founi Komite a divès mizajou chak trimès sou BuildBPS. Madam Robinson te mande Madam Costello pou founi yon fraz rezime oubyen de ki dekri chak eleman nan ajanda. Sirentandan te sigjere pou pwograme yon retrèt nan mwa Desanm sou Vizyon Akademik li an. Madam Robinson te sigjere pou Komite a egzamine patisipasyon piblik la nan odyans bidjetè adistans Komite a olye de an-pèsòn. Doktè Coleman te raple Komite a ke patisipasyon piblik la nan odyans bidjetè yo lajman lye si wi ou non divès rediksyon bidjetè rive pwopoze. Sirentandan te deklare ke Chèf Operasyon yo Indy Alvarez ak ekip li a ap mete ajou Endis Prensipal Enstalasyon BuildBPS yo. Doktè Coleman te sigjere ke BPS asosye li avèk yon fim achitekti ekstèn pou kreye yon plan kanpous prensipal epi fikse divès objektif pou 10 pwochen ane yo. Madam Robinson te pale sou enpòtans pou swiv pèfòmans lekòl la. Doktè Coleman te sigjere pou Komite a revize Plan Amelyorasyon Lekòl yo.

Madam Robinson te revize brèvman twa gwoup entèkansyon aktif Komite a.

- Gwoup Entèkansyon sou Aprenan Lang Anglè yo, est. 2009
  - Ògàn Siveyans, Reyini Chak Mwa
  - Twa sou-komite aktif yo
- Gwoup Entèkansyon sou Eka Opòtinite ak Reyisit, est. 2015
  - Ògàn Siveyans, Reyini Chak Mwa
- Gwoup Travay sou Kalite Lekòl, est. 2013
  - Ògàn Siveyans, Reyini Chak Trimès

Sirentandan te pale sou eksperyans pwofesyonèl avan li nan travay avèk konsèy lekòl yo ki gen divès komite pèmanan. Li te esplike ke Komite sa yo ki dirije pa divès manm komite a kapab rive etabli pou abòde divès sijè espesifik sou enpòtans epi kapab enkli elèv yo, paran yo, pwofesè yo, ak avoka yo, ets., pou bay piblik la yon opòtinite pou angaje li nan gouvènans distri a. Komite pèman yo fè chak peryòd rapò pou Komite plenyè a epi kapab fè rekòmandasyon politik yo. Li te fè distenksyon ant komite pèmanan yo ak gwoup entèkansyon yo, ki tipikman gen yon chaj ak dire patikilye. Li te sigjere ke Komite a kapab vle konsidere pou etabli komite pèmanan nan domèn finans yo ak/oubyen pèsònèl.

Mesye O'Neil te pale sou diferan estil gouvènans konsèy lekòl yo itilize atravè peyi a. Li te dekri Komite Lekòl Boston nan kòm li te aji tradisyonèlman kòm yon komite an antye. Li te deklare ke komite pèmanan pèmèt kontribisyon piblik la ak yon plonje pi pwofon nan pwoblèm yo, men reyinyon konsèy yo gen tandans pou vin pi sipèfisyèl. Mesye O'Neil te sigjere pou egzaminen

**Retrèt Planifikasyon Adistans Komite Lekòl Boston nan  
Zoom  
12 Oktòb 2021**

avantaj ak enkonvenyan chak estil atravè Konsèy Great City Schools. Doktè Coleman te pale sou distenksyon ant gwoup travay yo ki plis limite nan tan ak komite pèmanan ki dedye ak siveyans kontinè. Mesye DeAraujo te eksprime soutyen li pou itilize yon konsiltan ekstèn pou egzamine pwoblèm nan. Sirentandan te ankouraje Komite a pou egzamine konpozisyon gwoup entèvansyon an nan yon efò pou maksimize divèsite vwa yo.

Madam Robinson te mande Doktè Coleman pou pataje refleksyon li yo sou estriktire gwoup entèvansyon nan pwochen retrèt Komite a nan Janvyè 2022, ki pral selon sa nou swete ko-dirije pa A.J. Crabill, direktè gouvènans pou Konsèy Great City Schools.

Madam Robinson te brèvman revize objektif yo ak valè Komite a te apwouve nan Avril 2021 an.

Objektif yo nan senk domèn avèk divès sib sou 5-an fikse pou tout elèv yo:

- Literasi Antisipe
- Reyalizasyon pou Aprenan Anglè yo
- Reyalizasyon pou Elèv ki gen Andikap yo
- Refleksyon Kritik nan Matematik, Syans, ak Literasi
- Preparasyon pou Fakilte, Karyè Pwofesyonèl, ak Lavi

Valè yo se nan domèn sa yo:

- Vwa Elèv yo ak Angajman Fanmi
- Patenarya Kominotè yo
- Ekite ak Eliminasyon Lakin nan Opòtinite
- Dotasyon Divèsifye e Efikas
- Sipò Sosyal, Emosyonèl, ak Fizik

Doktè Coleman te sigjere ke nan chak reyinyon, Komite a itilize yon tablo debò done koyeran ak itil pou egzamine pwogrè ki reyalize sou youn nan objektif Komite yo pou pèmèt divès koreksyon mi-pakou.

Madam Polanco Garcia te sigjere pou evalye kòman BPS kominike avèk fanmi yo. Li te souliye enpòtans pou asire entèpretasyon pou fanmi yo nan reyinyon konsèy sit lekòl yo. Li te pale sou valè pèsone distri a k'ap akeyi fanmi yo nan lang matènèl pa yo. Mesye O'Neil te raple ke pandan dènye retrèt Komite a, Madam Polanco Garcia te mansyone ke li te genyen divès ide ki te konsevwa davans sou Komite a ki te chanje pou kounye a li vin yon manm ladan l. Li te sigjere pou entegre objektif ak valè Komite yo nan ajanda reyinyon yo. Li te sigjere pou Komite a anvizaje fè yon reyinyon avèk kominote a andeyò reyinyon regilye yo. Mesye Robinson te sigjere ke manm yo te fè yon tab wonn otou de ekite vya Zoom. Li te sigjere egalman pou manm yo rele chèf etablisman yo pou eksprime gratid yo pou travay di yo. Mesye Tran te rekòmande pou ajoute referans yo pou objektif ak valè yo. Sirentandan te deklare ke ekip Biwo Done ak Responsabilite a ap travay sou objektif sa alèd de yon tablo debò done yo.

Doktè Coleman te pale sou enpòtans pou vin yon distri akse sou rezilta yo. Li te note ke Komite a pwograme pou vote sou objektif pèfòmans Sirentandan nan pwochèn reyinyon li a epi te deklare Komite a dwe alèz avèk chwa objektif sa yo nan estanda li pral itilize pou evalye Sirentandan ane lekòl sa.

Madam Mercer te pale sou enpòtans odisyon apati de divès vwa elèv, patikilyèman sila yo ki mwens angaje tradisyonèlman nan nivo lekòl la ak distri a. Sirentandan te pale sou enpòtans pou relanse mizajou elèv chak mwa reprezantan elèv yo epi te sigjere pou Madam Mercer anvizaje itilize rezo sosyal yo pou leve vwa elèv yo. Madam Mercer te defann dwa pou elèv yo vote ak yon alokasyon. Sirentandan ak Madam Lopera te raple ke Direktè Egzekitif MASC, Glenn Koocher, te soulve divès pwoblèm konfli enterè potansyèl si reprezantan elèv yo te dwe resevwa yon alokasyon. Madam Robinson te ankouraje Madam Mercer patisipe nan yon gwoup afinite pou reprezantan elèv yo kowòdone pa Konsèy Great City Schools.

## **ESTRIKTI REYINYON**

Madam Robinson te chanje konvèzasyon an nan estrikti reyinyon an, patikilyèman jesyon kontni ak tan. Li te deklare ke longè reyinyon yo, ki dire souvan senk oubyen sis èdtan, kapab difisil pou tout moun ki konsène. Li te souliye enpòtans pou Komite a resevwa rapò nan men distri a davans. Madam Costello te esplike ke lejislasyon ijans MA a pèmèt ak oganism piblik yo fè plizyè reyinyon adistans jiska 1 Avril 2022. Li te deklare ke li pral kenbe Komite a enfòm sou tout mizajou lejislasyon.

Doktè Coleman te obsève te fè remake yon gran pati nan kòmantè piblik la nan reyinyon Komite yo lye ak divès kesyon operasyonèl epi yo ranvwaye yo ak Sirentandant lan e ak ekip li a pou yon swivi.

Li te deklare ke fòmasyon komite pèmanan yo te kapab pèmèt piblik la vin divès patnè efikas epi redui fristrasyon ki prezante yo pandan reyinyon komite yo. Li te pale sou nesès pou chanje soti nan idantifye pwoblèm ale nan rezolisyon pwoblèm.

Madam Lopera te pale sou pèspektiv li antan ke yon nouvo manm. Li te deklare ke fanmi yo souvan konsidere kòmantè piblik la kòm yon dènye rekou pou jwenn èd; li te ankouraje Komite a ak distri a pou jwenn pi bon mekanism pou tandè kominote a. Li te sigjere pou ede fanmi yo konprann kote ak kòmman yo kapab vin pi efikas ak kote e kòmman Komite a kapab vin pi reyaktif.

Madam Polanco Garcia te pale sou eksperyans li antan ke paran pou temwanyen devan Komite a. Li te esplike ke nan moman an, li pa t konprann poukisa Komite pa t reponn ak kòmantè piblik la. Li te deklare ke Komite a dwe kontinye tandè kòmantè piblik la epi distri a dwe fè swivi avèk preyokipasyon soulve pa fanmi yo.

Mesye DeAraujo te kalifye longè reyinyon yo kont pwodikatif. Li te sigjere pou Komite a egzamine pratik kòmantè piblik yo nan lòt distri lekòl yo. Li te souliye enpòtans pou resevwa prezantasyon yo davans pou bay manm yo tan sifizamman pou efekte yon egzamen divès dokiman ak fòmile divès kesyon.

**Retrèt Planifikasyon Adistans Komite Lekòl Boston nan  
Zoom  
12 Oktòb 2021**

Mesye O'Neil te deklare ke konsèy lekòl tout peyi a te konstate yon ogmantasyon nan angajman depi chanjman pou reyinyon adistans pandan pandemi a. Li te sigjere ke Komite a anvizaje òganize divès fowòm sou divès sijè espesifik oubyen pou manm Komite yo genyen divès èdtan biwo adistans pou pèmèt manm yo angaje nan plis echanj avèk fanmi. Li te raple pwosesis 2012 Komite a pou re-egzamine kòmantè piblik la epi te sigjere pou Prezidan an envite yon sou-ansanm manm pou rasanble pi bon pratik yo epi fè divès rekòmandasyon ak ansanm Komite a.

Madam Robinson te rekòmande pou Komite fòme divès ti gwoup eksplòre sijè swivan yo epi fè rapò ak ansanm Komite a avèk divès Rekòmandasyon:

- kòmantè piblik la
- komite pèmanan & estrikti gwoup travay

Madam Robinson te entewoje sirentandan sou kontni Rapò Sirentandan li a. Sirentandan te pale sou longè rapò a ki te ogmante pandan pandemi an nan limyè divès mizajou nan moman apwopriye ki nesè pou yo prezante yo bay Komite a ak piblik la. Li te deklare ke li ta renmen retounen prezante done yo sou objektif Komite yo. Doktè Coleman te ekspri sipò pou konsantre sou done yo. Mesye DeAraujo te sigjere pou itilize yon fòm tip tablo-debò done yo. Li rekòmande pou Komite a resevwa rapò Sirentandan avan reyinyon an.

Mesye Costello te pale konsènan pou jwenn yon ekilib ant founi yon kontèks istorik epi kenbe prezantasyon brèf yo. Li te sigjere pou kèk done kapab rive founi sou fòm anèks.

Mesye Robinson te sigjere pou kenbe yon diskisyon alavni sou diskisyon yo. Doktè Coleman te sigjere pou Komite a anvizaje resevwa chak trimès distribisyon ekitab sibvansyon yo olye pou konsève pratik aktyèl Komite k'ap vote a pou resevwa sibvansyon endividyèl yo. Sirentandan te deklare li pral mande Responsab Finans lan Nate Kuder pou fè divès sigjesyon. Li te di egalman ke li pral prezante yon rapò bay Komite a nan avni pwòch sou ekite nan sa ki konsène kolekte fon nan lekòl yo. Li te sigjere pou ekip li a prezante Komite a yon rapò anyèl sou evalyasyon efikasite sibvansyon an ak rapò chak trimès yo sou yon distribisyon sibvansyon ekitab.

Madam Robinson te esplike ke Komite a prevwa aktyèlman anviwon yon èdtan pou chak rapò pou li ka prevwa anviwon 20 minit pou prezantasyon an ak anviwon 40 minit pou kesyon manm yo. Li te sigjere pou enkli kèk enfòmasyon sou fòm yon preyanbil ak/oubyen pou limite kantite prezantatè yo.

Madam Lopera te deklare si lejislati Eta te egzije Komite a retounen nan reyinyon an-pèsòn yo san kapasite pou ofri yon chwa ibrid, Komite a dwe founi entèpretasyon ak tradiksyon pou asire patisipasyon fanmi an. Madam Costello te deklare li te prevwa lejislati Eta ta pral etabli yon nouvo lejislasyon ki t'ap prevwa yon opsyon adistans oubyen ibrid.

Mesye DeAraujo te sigjere pou Komite a anvizaje ajoute pèsònèl sipò adisyonèl pou swiv demann manm yo.

Sirentandan te sigjere pou Komite a eksplòre itilizasyon divès zouti lojisyèl ki konsewa pou sipòte konsèy lekòl yo.

## PWOCHÈN ETAP YO

Madam Robinson te rekòmande pou Komite a fòme divès ti gwoup epi fè rapò pou ansanm Komite a konsènan sijè swivan yo:

- Kòmantè Piblik la
- Komite Pèmanan ak Estrikti Gwoup Entèvansyon

Pwochèn etap yo:

- Retrèt Janvye
- Objektif ak Valè yo
- Egzamen Kontini Politik yo

Sirentandan te pale sou enpòtans efò kontini Komite a pou endekse manyèl distri yo epi te sijere pou mande ak Gwoup Entèvansyon sou Eka Opòtinite ak Reyisit pou revize politik yo epi etabli yon komite pèmanan pou revizyon politik.

Madam Lopera te eksprime ezitasyon li pou ofri tèt li kòm volontè pou yon sou-gwoup paske manda li nan mitan Komite a kowenside avèk pa dezyèm majistra e ke estati alavni li aktyèlman enkonni. Madam Robinson te deklare li pral fè swivi avèk manm yo yon jan endividyèl epi te akeyi kontribisyon nan men Madam Lopera ak Madam Polanco Garcia.

## KÒMANTÈ PIBLIK

John Mudd, rezidan Cambridge, avoka, te temwanyen sou vizyon estratejik ak akademik epi te plede pou yon politik k ap garanti aksè ak yon ansèyman lengwistik natif yo.

## FINI

Ozanviwon 09:12 pm, Komite a te vote a inanimite, pa yon apèl nominal, pou ranvwaye retrèt an.

Ateste:



Elizabeth Sullivan  
Sekretè Egzekitif